

# Yo Ajoute Venteyen Konte nan Konte Florida yo ki Ka Resevwa Èd Endividyèl

Release Date: September 13, 2017

ATLANTA – Aktyèlman mèt kay, moun ki nan lwaye ak mèt biznis ki rete nan konte **Brevard, Citrus, DeSoto, Glades, Hardee, Hendry, Hernando, Highlands, Indian River, Lake, Marion, Martin, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Polk, St. Lucie, Seminole, Sumter**, ak **Volusias** kapab aplike pou asistans dezas federal sizoka yo pa gen asirans ditou oswa si yo pa gen ase asirans pou kouvri domaj yo sibi ak bagay yo pèdi poutèt Siklòn Irma. Yo te deja deziyen konte Broward, Charlotte, Collier, Clay, Duval, Flagler, Hillsborough, Lee, Manatee, Miami-Dade, Monroe, Palm Beach, Pinellas, Putnam Sarasota, ak St. Johns pou resevwa Èd Endividyèl (Individual Assistance), kidonk otatal sa fè 37 konte.

Si pou yon moun kalifye pou resevwa èd federal atravè Pwogram Èd Endividyèl FEMA, fòk dega tanpèt la fè, pèt moun sibi ak inondasyon te mete pye poutèt Siklòn Irma, kòmanse nan dat 4 septanm.

Anrejistre ak FEMA leplito ke posib. **Si w te déjà anrejistre nan FEMA, ou pa oblige aplike ankò.** Si w ka itilize yon telefòn ak/oswa entènèt, ou ka anrejistre w:

- Sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](#), oswa
- Nan [Aplikasyon Mobil FEMA](#), oswa annik
- Rele **800-621-3362 (FEMA)**. Aplikan ki itilize 711 oswa Video Relay Service (Sèvis Relè nan Videyo [VRS]) ka rele **800-621-3362**. Moun ki soud, moun ki gen difikilte pou tandem oubyen ki gen difikilte pou pale e ki itilize sistèm **TTY** ka rele nan **800-462-7585**.
- Nimewo telefòn gratis yo louvri apatide **7 a.m. jiska 11 p.m. Lè de Lès, sèt jou sou sèt**.
- Gen plizyè operatè ki pale plizyè lang ki disponib. Peze 2 pou lang panyòl epi peze 3 pou lòt lang yo.

Si w pa ka itilize yon telefòn oubyen entènèt, pa dekoraje. Byento pral gen espesyalis nan domèn èd pou sivivan dezas ki pral vini nan komunitate lokal yo pou



**FEMA**

Page 1 of 3

ede moun anrejistre pou resevwa èd.

Pami èd sivivan ki kalifye yo ka resevwa, gen sibvansyon pou lojman tanporè ak sibvansyon pou ranje kay, ak sibvansyon pou lòt dezas grav, kòm paregzanz depans medikal oswa depans dantè oubyen depans pou fineray ak depans antèman.

Epitou U.S. Small Business Administration (SBA) kapab prete lajan ak enterè trè ba poutèt dezas pou w remèt alalong; kidonk prè a va pèmèt moun kouvri depans asirans pa kouvri nèt; epi yo pap bay benefis doub lòt ajans oswa lòt òganizasyon yo ap bay.

Kontakte pwòp konpayi asirans ou pou ka fè yon reklamasyon asirans. FEMA pa fè okenn peman doub si asirans la peye w deja. Sepandan, ou ka toujou resevwa èd lè konpayi asirans ou fin voye lajan reklamasyon an pou ou.

**Nan dat 10 septanm**, Florida te resevwa yon deklarasyon dezas enpòtan onivo federal pou konte Charlotte, Collier, Hillsborough, Lee, Manatee, Miami-Dade, Monroe, Pinellas, ak Sarasota ka resevwa Èd Endividylèl. Yo te deziyen toulè 67 konte Florida yo pou resevwa Pwogram Èd Piblik (Kategori A-G), ikonpri èd federal dirèk.

**Le 11 septanm**, yo te ajoute konte Broward, Clay, Duval, Flagler, Palm Beach, Putnam, ak St. Johns pou resevwa Èd Endividylèl.

**Le 13 septanm**, yo te ajoute konte Brevard, Citrus, DeSoto, Glades, Hardee, Hendry, Hernando, Highlands, Indian River, Lake, Marion, Martin, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Polk, St. Lucie, Seminole, Sumter, ak Volusia pou resevwa Èd Endividylèl .

###

*Misyon FEMA se pou sipòte sitwayen ak premye sekouris nou yo pou asire ke noumenm antanke yon nasyon, nou travay ansanm pou n devlope, sipòte ak amelyore kapasite nou pou prepare pou tout danje, bay pwoteksyon kont tout danje, reyaji lè gen danje, fasilite retablisman epitou diminye tout danje ki egziste.*

*Nenpòt moun ka resevwa èd pou rekipere apre yon dezas san yo pa gade sou ras, koulè, reliyon, nasyonalite, sèks, laj, andikap, feblès nan lang angle oubyen*



**FEMA**

Page 2 of 3

*kondisyon ekonomik moun nan. Si oumen oswa yon moun ou konnen te sibi diskriminasyon, rele FEMA nan nimewo gratis la nan 800-621-FEMA (3362). Moun ki itilize sistèm TTY, rele 800-462-7585.*

*Si gen moun ki aplike pou resevwa èd FEMA pou lojman tanporè ak sibvansyon pou depans transpò, depans medikal ak depans dantè, depans fineray ak depans antèman, moun sa yo pa oblige aplike pou yon prè SBA. Sepandan, aplikan ki resevwa aplikasyon pou fè prè SBA fèt pou soumèt aplikasyon yo bay SBA si yo vle kalifye pou resevwa èd ki kouvri byen pèsonèl, èd pou ranje oubyen ranplase machin, ak depans pou mete bagay nan depo.*



**FEMA**

Page 3 of 3